

2026

Avi Anyèl sou Chanjman yo




CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)
H1019-023

South Florida

Konte Broward, Miami-Dade, Palm Beach

Sa a se yon Plan ki Ekstrèman Entegre ak Doub Elijibilite (Highly Integrated Dual Eligible, HIDE) pou Bezwèn Espesyal.

CarePlus
HEALTH PLANS™



Revize mizajou nan plan CarePlus ou yo pou 2026

Andedan an, w ap jwenn Avi Anyèl sou Chanjman yo. Ti liv sa a konpare avantaj ou yo pou ane 2025 ak avantaj ou yo pou ane 2026.

Ti liv sa a montre chanjman enpòtan yo men li pa liste tout avantaj yo. Nou vle w konnen plan lan pral kontinye founi kouvèti pou medikaman sou preskripsyon, pou swen dan, swen vizyon ak swen oditif. Plan w lan gen ladan tou yon prim \$0, kopeman \$0 pou medsen swen sante prensipal ak \$0 pou sèvis prevantif ki enkli mamogram, kolonoskopi ak depistaj pou dansite zo.

Si ou ta renmen rete nan CarePlus, ou pa bezwen fè anyen. Abònman w lan pral renouvele otomatikman nan dat 1ye janvye 2026. Si w gen kesyon sou plan w lan, tanpri kontakte nou. Nou la pou nou ede.

Apati 15 oktòb 2025, ou ka jwenn dokiman 2026 sa yo anliy sou CarePlusHealthPlans.com/Plans:

- **Prèv sou Kouvèti**
Bay detay konplè sou plan CarePlus ou a, ki gen ladan avantaj ak pri yo
- **Gid Medikaman sou Preskripsiyan (Lis Medikaman)**
Lis medikaman ki kouvri nan plan ou an
- **Anyè Pwofesyonèl Swen Sante**
Lis doktè, famasi ak lòt pwofesyonèl swen sante nan rezo w la

Si ou prefere nou voye pou ou yon kopi dokiman enprime sa yo pa lapòs, ranpli fòm demann anliy nou an nan: CarePlusHealthPlans.com/PrintRequest.

Si ou gen kesyon, tanpri rele Depatman Sèvis Manm nou an nan **800-794-5907**. Si w itilize yon TTY, rele **711**. Ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 a.m. rive 8 p.m. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou a pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan CarePlusHealthPlans.com.

CarePlus ka kontakte ou detanzantan pou enfòme w sou lòt plan CarePlus yo. Pou chwazi pou pa resevwa apèl nan lavni, ou ka rele Sèvis Manm yo nan nimewo ki endike anwo a.

Mèsi dèské ou se yon manm CarePlus. Nou angaje n pou n ofri avantaj ak sèvis ki ede w ekonomize lajan e ki fè rete an trè bòn sante.

CareNeeds Platinum (HMO D-SNP) ofri pa CarePlus Health Plans, Inc.

Avi Anyèl sou Chanjman pou 2026

Ou enskri kòm yon manm nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).

Dokiman sa a dekri chanjman ki fèt nan pri ak avantaj plan nou an pou ane pwochèn.

- **Ou gen ant 15 oktòb ak 7 desanm pou fè chanjman nan kouvèti Medicare ou pou ane pwochèn.** Si w pa enskri nan yon lòt plan anvan 7 desanm, 2025, w ap rete nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).
- Pou chanje pou yon **lòt plan**, vizite www.Medicare.gov oswa revize lis la ki nan do manyèl Medicare & You 2026 ou an.
- Tanpri sonje sa a se sèlman yon rezime sou chanjman yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pri yo, avantaj yo, ak règ yo nan Prèv sou Kouvèti a. Telechaje yon kopi sou **CarePlusHealthPlans.com/Plans** oswa rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY dwe rele 711) pou yo jwenn yon kopi pa lapòs. Ou kapab tou konsilte Prèv sou Kouvèti a pou wè si gen lòt chanjman nan avantaj oswa nan pri ki afekte ou.

Resous Adisyonèl

- Materyèl sa a disponib gratis nan lang Kreyòl Ayisyen ak Panyòl.
- Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo dwe rele 711) pou plis enfòmasyon. Orè nou se 8 a.m. rive 8 p.m., ou ka rele nou sèt jou sou sèt. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn qpèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan **CarePlusHealthPlans.com**. Apèl sa a gratis.
- Enfòmasyon sa a disponib nan diferan fòma, tankou bray, gwo karaktè ak odyo. Tanpri rele Sèvis Manm yo nan nimewo ki pi wo a si w bezwen enfòmasyon sou plan an nan yon lòt fòma.
- **Kouvèti anba plan sa a konsidere kòm Kouvèti Sante ki Kalifye (Qualifying Health Coverage, QHC)** epi li satisfè egzijans pou pataje responsablite endividyle Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Patient Protection and Affordable Care Act's, ACA) la. Tanpri vizite sitwèb Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) la nan www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families pou jwenn plis enfòmasyon.

Konsènan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)

- CarePlus se yon plan ak Doub Elijiblite pou Moun ki gen Bezwen Espesyal (HMO D-SNP) ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra ak Pwogram Florida Medicaid la. Enskripsyon nan plan CarePlus sa a depanne renouvèlman kontra a. Plan nou an genyen tou yon akò alekri ak pwogram Florida Medicaid la pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo.
 - Se CarePlus Health Plans, Inc. ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante Eta Florida ki finanse l.
- Lè dokiman sa a di "nou," "nou menm," oswa "pa nou," sa vle di CarePlus Health Plans, Inc Lè li di "plan" oswa "plan nou an," sa vle di CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).
- **Si ou pa fè anyen anvan 7 desanm 2025, y ap enskri w otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).** Apati 1ye janvye 2026, ou pral gen kouvèti medikal ak kouvèti pou medikaman atravè CareNeeds Platinum (HMO D-SNP). Al gade nan Seksyon 3 pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou chanje plan ak dat limit pou fè yon chanjman.

H1019_ANOC_MAPD_HMO_023000_2026_M

Apwobasyon OMB 0938-1051 (Ap Ekspire: 31 out 2026)

Tab dè matyè

Rezime sou Pri Enpòtan pou 2026.....	5
SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Ane Pwochèn.....	10
Seksyon 1.1 Chanjman nan Prim Mansyèl Plan an	10
Seksyon 1.2 Chanjman nan Montan Maksimòm Lajan ki Soti nan Pòch Ou	10
Seksyon 1.3 Chanjman nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante a.....	11
Seksyon 1.4 Chanjman nan Rezo Famasi a.....	11
Seksyon 1.5 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Sèvis Medikal yo	11
Seksyon 1.6 Chanjman nan Kouvèti Part D pou Medikaman.....	15
Seksyon 1.7 Chanjman nan Avantaj ak Pri Medikaman sou Preskripsyon	15
SEKSYON 2 Chanjman Administratif.....	19
SEKSYON 3 Kijan pou Chanje Plan	19
Seksyon 3.1 Dat Limit pou Chanje Plan.....	20
Seksyon 3.2 Èske gen lòt moman nan ane a pou fè yon chanjman?	20
SEKSYON 4 Jwenn Èd pou Peye pou Medikaman sou Preskripsyon	20
SEKSYON 5 Ou gen Kesyon?	21
Jwenn Èd nan men CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)	21
Jwenn Konsèy Gratis sou Medicare	21
Jwenn Èd nan men Medicare.....	22
Jwenn Èd nan men Medicaid.....	22
Anèks A Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a.....	23
Bay non, adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon kontak pou yon pakèt resous itil nan eta ou a.	

Rezime sou Pri Enpòtan pou 2026

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Prim plan mansyèl	\$0	\$0
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Sa a se limit <u>maksimòm</u> lajan k ap soti nan pòch ou ke w ap peye pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri ou yo. (Al gade Seksyon 1.2 pou detay yo.)	\$3,400 Si w elijib pou èd pataj frè Medicare selon Medicaid, ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou k ap konte nan limit pou kantite lajan maksimòm ki sòti nan pòch pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.	\$3,400 Si w elijib pou èd pataj frè Medicare selon Medicaid, ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou k ap konte nan limit pou kantite lajan maksimòm ki sòti nan pòch pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.
Vizit nan biwo pou swen prensipal	\$0 kòm kopeman pou chak vizit	\$0 kòm kopeman pou chak vizit
Vizit nan biwo espesyalis	\$0 kòm kopeman pou chak vizit	\$0 kòm kopeman pou chak vizit
Sejou nan lopital pou pasyan ki entène Li gen ladann reyabilitasyon egi pou pasyan ki entène, lopital swen alontèm, ak lòt kalite sèvis pou pasyan ki entène lopital. Swen pou pasyan ki entène lopital kòmanse jou ou entène lopital fòmèlman ak preskripsyon doktè. Jou anvan yo egzeyate w se dènye jou w tankou pasyan ki entène.	\$0 kòm kopeman pou chak sejou	\$0 kòm kopeman pou chak sejou
Franchiz pou kouvèti medikaman Part D (Al gade nan Seksyon 1.7 pou detay yo.)	\$500 sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Part D pou adilt yo	\$0

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
<p>Kouvèti pou medikaman Part D (Al gade nan Seksyon 1.7 pou plis detay, tankou Etap Kouvèti Inisyal la, ak Etap Kouvèti Katastwofik la.)</p> <p>Se pa tout nivo ki nesesèman enkli ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti pou ensilin.</p>	<p>\$0 kòm Avantaj Kopeman pou Preskripsiyan aplike si w resevwa "Èd Siplementè" (Extra Help). W ap peye sa ki annapre yo pou tout medikaman Part D ki kouvrí nan plan an pou tout ane kalandriye a:</p> <p>Franchiz: \$0</p> <p>Kopeman pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 • Medikaman Nivo 2: \$0 • Medikaman Nivo 3: \$0 • Medikaman Nivo 4: \$0 • Medikaman Nivo 5: \$0 <p>Pataj frè yo aplike pou pwovizyon pou 30 ak 100 jou. Medikaman Nivo 5 gen yon limit pwovizyon pou 30 jou.</p> <p>\$0 kòm Avantaj Kopeman pou Preskripsiyan pa aplike si ou pa resevwa "Èd Siplementè" (Extra Help). Ou pral peye sa ki annapre yo:</p> <p>Kopeman/Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p>	<p>\$0 kòm Kopeman pou Avantaj pou Preskripsiyan pa disponib.</p> <p>Si w resevwa "Èd Siplementè" (Extra Help), kantite lajan w ap peye a depann de nivo "Èd Siplementè" (Extra Help) ou resevwa a. Konsilte dokiman Kloz Adisyonèl LIS ou a pou konnen montan pataj frè yo.</p> <p>Kopeman/Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:</p>

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
	<p>Pou yon pwovizyon pou 30 jou nan yon famasi detayan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 • Medikaman Nivo 2: \$0 <p>Ou peye \$0 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: \$47 <p>Ou peye \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: 25% <p>Ou peye \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p>	<p>Pou yon pwovizyon pou 30 jou nan yon famasi detayan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 <p>Ou peye 0% pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 2: \$0 <p>Ou peye 0% pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: 25% <p>Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% <p>Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 5: 33% <p>Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p>

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmann pa lapòs ak pataj frè prefere:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 • Medikaman Nivo 2: \$0 <p>Ou peye \$0 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: \$94 <p>Ou peye \$70 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: Pa disponib 	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmann pa lapòs ak pataj frè prefere:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$0 <p>Ou peye 0% pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 2: \$0 <p>Ou peye 0% pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: 25% <p>Ou peye 25% jiska \$105 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 4: 25% <p>Ou peye 25% jiska \$105 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 5: Pa disponib

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmann pa lapòs ak pataj frè estanda:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$30 • Medikaman Nivo 2: \$60 <p>Ou peye \$60 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 3: \$141 • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: Pa disponib 	<p>Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon famasi ki pran kòmann pa lapòs ak pataj frè estanda:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 1: \$30 <p>Ou peye 25% jiska \$30 pou chak 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman Nivo 2: \$60 • Medikaman Nivo 3: 25% • Medikaman Nivo 4: 25% • Medikaman Nivo 5: Pa disponib
	<p>Kouvèti Katastwofik:</p> <p>Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D ou ki kouvri yo</p>	<p>Kouvèti Katastwofik:</p> <p>Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D w yo ki kouvri yo ak pou medikaman ki eskli ki kouvri anba avantaj siplemantè nou an.</p>
Kouvèti pou medikaman ki eskli	<ul style="list-style-type: none"> • Sèten medikaman pou Disfonksyon Erektile: Pa Kouvri • Sèten Vitamin sou Preskripsyon: Pa Kouvri 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèten medikaman pou Disfonksyon Erektile ki kouvri nan Nivo 1 ak pataj frè varye selon kote a. • Sèten Vitamin sou Preskripsyon ki kouvri nan Nivo 1 ak pataj frè ki varye selon kote a.

SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Ane Pwochèn

Seksyon 1.1 Chanjman nan Prim Mansyèl Plan an

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
Prim plan mansyèl (Ou dwe kontinye peye prim Medicare Part B w la tou sof si Florida Medicaid peye yo pou ou.)	\$0	\$0

Seksyon 1.2 Chanjman nan Montan Maksimòm Lajan ki Soti nan Pòch Ou

Medicare mande tout plan sante yo pou yo limite kantite lajan ou peye k ap soti nan pòch pou ane a. Yo rele limit sa a montan maksimòm lajan ki soti nan pòch la. Depi ou fin peye montan sa a, an jeneral, ou p ap peye anyen pou sèvis ou genyen ki kouvri nan Part A ak Part B yo pou rès ane kalandriye a.

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Kòm manm nou yo jwenn èd tou nan Florida Medicaid, pa gen anpil manm ki janm rive atenn montan maksimòm ki soti nan pòch sa a. Si w elijib pou asistans Medicaid pou kopeman Part A ak Part B yo, ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou ke y ap konte nan limit montan maksimòm lajan ki sòti nan pòch la pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo. Frè ou yo pou sèvis medikal ki kouvri yo (tankou kopeman yo) kontakte pou limit montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou. Pri ou yo pou medikaman sou preskripsyon pa kontakte nan limit montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.	\$3,400	\$3,400 Depi ou fin peye \$3,400 ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis ki kouvri nan Part A ak nan Part B yo, ou p ap peye anyen pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri ou yo pou rès ane kalandriye a.

Seksyon 1.3 Chanjman nan Rezo Pwofesyonèl Swen Sante a

Rezo pwofesyonèl swen sante nou an chanje pou ane pwochèn. Konsilte Anyè Pwofesyonèl Swen Sante 2026 la [CarePlusHealthPlans.com/Directories](#) pou wè si pwofesyonèl swen sante ou yo (doktè swen prensipal, espesyalis, lopital, elatriye) nan rezo nou an. Men kijan pou jwenn yon Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ki ajou:

- Vizite sitwèb nou an nan [CarePlusHealthPlans.com/Directories](#).
- Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo ta dwe rele 711) pou jwenn enfòmasyon ajou sou pwofesyonèl swen sante yo oswa pou mande nou pou nou voye yon Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ba ou pa lapòs.

Nou ka fè chanjman nan lopital yo, doktè yo, ak espesyalis yo (pwofesyonèl swen sante) ki fè Part plan nou an pandan ane a. Si gen chanjman ki fèt nan pwofesyonèl swen sante nou yo nan mitan ane a ki afekte w, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY ta dwe rele 711) pou jwenn èd. Pou plis enfòmasyon sou dwa ou lè yon pwofesyonèl swen sante nan rezo a kite plan nou an, konsilte Chapit 3, Seksyon 2.3 nan Prèv sou kouvèti ou a.

Seksyon 1.4 Chanjman nan Rezo Famasi a

Kantite lajan ou peye pou medikaman sou preskripsiyon ou yo ka depanne ki famasi ou itilize. Plan medikaman Medicare yo gen yon rezo famasi. Nan pifò ka yo, preskripsiyon w yo kouvri sèlman si ou ranpli yo nan youn nan famasi rezo nou yo.

Rezo famasi nou yo chanje pou ane pwochèn. Konsilte Anyè Pwofesyonèl Swen Sante 2026 la [CarePlusHealthPlans.com/Directories](#) pou wè ki famasi ki nan rezo nou an. Men kijan pou jwenn yon Anyè Pwofesyonèl Swen Sante:

- Vizite sitwèb nou an nan [CarePlusHealthPlans.com/Directories](#).
- Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo ta dwe rele 711) pou jwenn enfòmasyon ajou sou famasi yo oswa pou mande nou pou nou voye yon Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ba ou pa lapòs.

Nou ka fè chanjman nan famasi ki fè Part plan nou an pandan ane a. Si gen chanjman ki fèt nan famasi nou yo nan mitan ane a ki afekte w, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY ta dwe rele 711) pou jwenn èd.

Seksyon 1.5 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Sèvis Medikal yo

Avi Anyèl sou Chanjman yo enfòme w sou chanjman ki fèt nan avantaj ak pri Medicare ou yo.

Sèvis yo resevwa nan Klinik Sante nan Zòn Riral yo, Klinik Sante ki gen Kalifikasyon Federal yo, ak Lopital pou Aksè Kritik yo ka sijè a kopeman oswa ko-asirans pou Medsen Swen Sante Prensipal oswa Espesyalis, jan sa aplikab, pou 2026.

Alokasyon depans sa a se yon pwogram espesyal pou manm ki gen pwoblèm sante espesifik. Maladi ki kalifye yo enkli dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pamì lòt maladi yo. Gen kèk plan ki egziste ke gen omwen de maladi ak lòt egzijans ki aplike. Gade Prèv sou Kouvèti plan an pou plis detay. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlopman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni si w ap chèche èd. Kontakte biwo HUD lokal ou a si w gen kesyon.

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Avantaj Adisyonèl Espesyal pou Moun ki gen Maladi Kwonik Alokasyon pou CareEssentials	<p>Gade Modèl Konsepsyon Asirans ki Baze sou Valè (VBID) pi ba a pou avantaj CarePlus CareEssentials yo pou 2025 la.</p>	<p>\$250 Alokasyon chak mwa sou yon kat depans prepeye. Tout manm plan an resevwa montan sa a pou achte pwodui sante ak byennèt ki apwouye ke yo vann san preskripsiyan (OTC) kay detayan k ap patisipe oswa atravè vandè OTC ki pran kòmann pa lapòs ke plan an apwouye. Anplis, manm yo kapab tou itilize lajan sa a pou achte manje ki elijib, peye bôdwo sèvis publik, lwaye, ak plis ankò si yo gen sèten kondisyon kwonik e si yo reponn ak lòt kritè nan pwogram nan. Nenpòt montan ki pa sèvi pral transfere l sou lòt trimès la epi l ap ekspire nan fen ane plan an oswa lè w anile enskripsiyan w nan plan sa a, selon sa ki rive anvan an.</p>
Modèl Konsepsyon Asirans ki Baze sou Valè (VBID) Alokasyon pou CareEssentials	<p>\$225 kòm alokasyon chak mwa sou yon kat prepeye pou itilize pou achte pwodui esansyèl ou bezwen pou w rete an sante. Alokasyon sa a kapab sèvi pou achte pwodui yo apwouye nan kote ki vann andetay k ap patisipe nan pwogram lan (tankou manje, pwodui sante ak byennèt yo vann san preskripsiyan, pwodui swen pèsonèl, pwodui pou kay, elatriye) oswa pou peye pou sèvis yo apwouye (depans mansyèl pou viv tankou lwaye, depans transpò ki pa gen rapò avèk bagay medikal tankou taksi, Uber, Lyft, elatriye). Montan alokasyon an pa ka konbine avèk lòt alokasyon ki ta ka genyen sou Kat la. Kòb ki pa sèvi yo pral ajoute sou lòt mwa a epi ap ekspire nan fen ane plan an.</p>	<p>Gade seksyon Avantaj Espesyal Siplemantè pou Moun ki gen Maladi Kwonik ki anwo a pou avantaj CarePlus CareEssentials yo pou 2026 la.</p>

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Sèvis swen dantè <ul style="list-style-type: none"> Avantaj swen dantè siplemantè: 	<p>DEN927 \$0 kòm kopeman pou egzamen oral konplè jiska 1 chak 3 ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou ratelye konplè ak/oswa pasyèl jiska 1 je chak 5 ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou detatraj ak sifasaj radikilè (netwayaj anpwofondè) jiska 1 pou chak kadran chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou Radyografi Entèpwoksimal jiska 1 seri chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman realiyen ratelye, radyografi panoramik, tretman kanal radikilè jiska 1 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou amalgam ak/oswa Plonbaj ak konpozit, egzamen dyagnostik ijan, egzamen peryodik nan bouch, pwofilaksi (netwayaj) jiska 2 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou ekstraksyon senp oswa chirijikal jiska 3 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou antretyen pawodontal jiska 4 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman ekstraksyon dan pou mete yon ratelye, pou anestezi ki nesesè avèk sèvis ki kouvri a, san limit chak ane. Ekstraksyon san limit yo kouvri sèlman pou rezon pou yo mete yon ratelye pou manm nan, tout lòt ekstraksyon yo limite a 3 chak ane.</p>	<p>DEN103 \$0 kòm kopeman pou egzamen oral konplè jiska 1 chak 3 ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou ratelye konplè oswa pasyèl jiska 1 je chak 5 ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou detatraj ak sifasaj radikilè (netwayaj anpwofondè) jiska 1 pou chak kadran chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman realiyen ratelye, radyografi panoramik, tretman kanal radikilè jiska 1 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou Radyografi Entèpwoksimal jiska 2 seri chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou , egzamen dyagnostik ijan, egzamen peryodik, chiriji nan bouch, egzamen peryodik nan bouch, pwofilaksi (netwayaj) jiska 2 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou amalgam ak/oswa Plonbaj, antretyen pawodontal jiska 4 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou ekstraksyon senp oswa chirijikal jiska 5 chak ane.</p> <p>\$0 kòm kopeman pou anestezi ki nesesè ak sèvis ki kouvri a jiska kantite fwa ki nesesè chak ane, dapre kòd ki kouvri yo.</p> <p>\$0 kòm kopeman ekstraksyon dan pou mete yon ratelye san limit chak ane.</p> <p>Ekstraksyon san limit yo kouvri sèlman pou rezon pou yo mete yon ratelye pou manm nan, tout lòt ekstraksyon yo limite a 5 chak ane.</p>

Pri	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
	Nan rezo	Nan rezo
Swen dijans <ul style="list-style-type: none"> Pou chak vizit nan sal dijans Medicare kouvrir, ou peye: 	<p>\$0 oswa \$140 kòm kopeman an dispanse si admisyon an fèt nan lespas 24 èdtan.</p> <p>Si w elijib pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, w ap peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>	<p>\$0 oswa \$150 kòm kopeman an dispanse si admisyon an fèt nan lespas 24 èdtan.</p> <p>Si w elijib pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, w ap peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>
Alokasyon pou achte atik yo vann san preskripsiyon (over-the-counter, OTC)	<p>\$75 kòm alokasyon chak trimès sou yon kat prepeye pou achte pwodui sante ak byennèt yo vann san preskripsiyon ki apwouve nan kote ki vann an detay k ap patisipe nan pwogram nan oswa atravè vandè OTC ki pran kòmann pa lapòs ke plan an apwouve. Kòb ki pa sèvi yo pral ajoute sou lòt trimès la epi l ap ekspire nan fen ane plan an.</p>	Gade seksyon Avantaj Espesyal Siplemantè pou Moun ki gen Maladi Kwonik ki anwo a pou avantaj CarePlus CareEssentials yo pou 2026 la.
Transpò	<p>\$0 kòm kopeman pou kote plan an apwouve jiska 50 deplasman ale senp chak ane. Avantaj sa a ofri yon kantite mil san limit pou chak deplasman.</p>	<p>\$0 kòm kopeman pou kote plan an apwouve jiska yon kantite deplasman ale senp san limit chak ane. Avantaj sa a ofri yon kantite mil san limit pou chak deplasman.</p>
Kouvèti mondyal <ul style="list-style-type: none"> Pou chak vizit nan sal dijans, ou peye: 	<p>\$0 oswa \$140 kòm kopeman an dispanse si admisyon an fèt nan lespas 24 èdtan.</p> <p>Si w elijib pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, w ap peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>	<p>\$0 oswa \$150 kòm kopeman an dispanse si admisyon an fèt nan lespas 24 èdtan.</p> <p>Si w elijib pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, w ap peye yon montan \$0 kòm kopeman.</p>

Seksyon 1.6 Chanjman nan Kouvèti Part D pou Medikaman

Chanjman nan Gid Medikaman Nou an

Lis medikaman ki kouvrir nou yo rele Fòmilè oswa Gid Medikaman. Nou bay yon kopi "Gid Medikaman" nou an elektwonikman. Lis Medikaman an gen ladan l pifò medikaman yo—men pa tout—nan medikaman n ap kouvrir ane pwochèn yo. Si ou pa wè medikaman w lan sou lis sa a, li ka kouvrir toujou. **Ou ka jwenn Gid Medikaman konplè** a lè w rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo dwe rele 711) oswa lè w vizite sitwèb nou an (CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide).

Nou fè chanjman nan "Gid Medikaman" nou an, sa ki ta ka gen ladan retire oswa ajoute medikaman, chanje restriksyon ki aplike nan kouvèti nou bay pou sèten medikaman oswa deplase mete yo nan yon nivo pataj frè ki diferan. **Konsilte "Gid Medikaman" an pou asire w ke medikaman w yo pral kouvrir ane pwochèn epi pou wè si pral gen kèk restriksyon, oswa si yo mete medikaman w lan nan yon nivo pataj frè ki diferan.**

Pifò nan chanjman ki fèt nan Gid Medikaman an nouvo nan kòmansman chak ane. Sepandan, nou ka fè lòt chanjman ke règ Medicare yo pèmèt ki pral afekte w pandan ane kalandriye an. Nou mete Gid Medikaman anliy nou an ajou omwen yon fwa pa mwa pou nou ka ba ou lis medikaman ki pi ajou a. Si nou fè yon chanjman ki pral afekte aksè ou a yon medikaman w ap pran, n ap voye yon avi ba ou sou chanjman an.

Si yon chanjman nan kouvèti medikaman afekte w nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, tanpri konsilte Chapit 9 nan *Prèv sou Kouvèti* w la epi pale ak doktè w pou w konnen opsyon w genyen yo, tankou mande pou yon pwovizyon tanporè, aplike pou yon eksepsyon ak/oswa chèche yon nouvo medikaman. Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo ta dwe rele 711) pou plis enfòmasyon.

Seksyon 1.7 Chanjman nan Avantaj ak Pri Medikaman sou Preskripsyon

Èske ou jwenn Èd Siplemantè (Extra Help) pou peye pri kouvèti medikaman ou yo?

Si w nan yon pwogram ki ede peye pou medikaman ou yo (Èd Siplemantè (Extra Help)), **enfòmasyon sou pri pou medikaman sou preskripsiyo Part D yo ka pa aplike pou ou**. Nou voye yon dokiman apa ba ou, ki gen tit Amannman pou Prèv sou Kouvèti pou Moun k ap Resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) pou Medikaman sou Preskripsiyo yo, ki ba w enfòmasyon sou depans pou medikaman ou yo. Si ou jwenn Èd Siplemantè (Extra Help) epi ou pa resevwa materyèl sa a anvan 30 septanm, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (ilizatè TTY yo ta dwe rele 711) epi mande pou Kloz Adisyonèl LIS la.

Etap Peman pou Medikaman yo

Gen **3 etap peman pou medikaman**: Etap Franchiz Anyèl la, Etap Kouvèti Inisyal la ak Etap Kouvèti Katastwofik la. Etap Peryòd Sispansyon Kouvèti a ak Pwogram Rabè pou Peryòd Sispansyon Kouvèti a p ap egziste ankò nan avantaj Part D a.

• **Etap 1: Franchiz Anyèl**

Nou pa gen okenn franchiz, kidonk etap peman sa a pa aplike pou ou.

• **Etap 2: Kouvèti Inisyal**

Pandan etap sa a, plan nou an peye Part pa li nan pri medikaman ou yo epi ou peye Part pa w nan pri a. Anjeneral ou rete nan etap sa a jiskaske ou depans ak lajan ki soti nan pòch ou yo pou ane a rive **\$2,100 limit plafònman pou ljajan ki soti nan pòch la**.

- Etap 3: Kouvèti Katastwofik**

Sa a se twazyèm e dènye etap peman pou medikaman an. Pandan etap sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D ou yo ki kouvri. Anjeneral, ou rete nan etap sa a pou tout rès ane kalandriye a.

Pwogram Rabè pou Peryòd Sispansyon Kouvèti a te ranplase Pwogram Rabè Fabrikan an. Anba Pwogram Rabè Fabrikan an, fabrikan medikaman yo peye yon Part nan pri total plan an pou medikaman mak ak pwodui byolojik ki kouvri nan Part D pandan Etap Kouvèti Inisyal la ak Etap Kouvèti Katastwofik la. Rabè fabrikan ke yo peye nan kad Pwogram Rabè Fabrikan an pa konte nan depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch ou.

Tablo a montre pri ou pou chak preskripsyon pandan etap sa a.

Pri Medikaman nan Etap 1: Franchiz Anyèl

Etap	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
Franchiz Anyèl	<p>Si w resevwa "Èd Siplemantè" (Extra Help), franchiz ou se \$0.</p> <p>Pandan etap sa a, ou peye \$0 pou tout medikaman Part D plan an kouvri.</p> <p>Si ou pa resevwa "Èd Siplemantè" (Extra Help), franchiz la ap \$500.</p>	Poutèt nou pa gen okenn franchiz, etap peman sa a pa aplike pou ou.

Pri Medikaman nan Etap 2: Kouvèti Inisyal

Pou medikaman nan Nivo 3 – Mak Prefere, pataj frè w la nan Etap Kouvèti Inisyal la ap chanje soti nan kopeman pou pase a yon ko-asirans. Al gade tablo annapre a pou chanjman de ane 2025 a ane 2026.

Nou te chanje nivo a pou kèk nan medikaman yo nan Gid Medikaman nou an. Pou w wè si medikaman w yo ap nan yon nivo ki diferan, chèche yo nan Gid Medikaman an.

Tout nivo yo gendwa pa gen ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti ensilin.

Tablo a montre pri ou pou chak preskripsyon pou yon pwovizyon pou yon mwa ki ranpli nan yon famasi nan rezo a avèk pataj frè estanda.

Pifò vaksen Part D pou granmoun yo kouvri gratis pou ou. Pou plis enfòmasyon sou pri vaksen yo, oswa enfòmasyon sou pri yon pwovizyon alontèm; oswa pou preskripsyon sou kòmann pa lapòs, gade Chapit 6 nan *Prèv sou Kouvèti* ou a.

Depi ou fin peye **\$2,100** ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Part D yo, w ap pase nan pwochen etap la (Etap Kouvèti Katastwofik la).

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
Nivo 1: Jenerik Prefere:	<p>Ou peye \$0. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se \$10.</p>	<p>Ou peye \$0 pou yon pwovizyon pou yon mwa nan yon famasi detayan. Ou peye 0% pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se \$10. Ou peye 25% jiska \$10 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon ou kòmande pa lapòs nan nivo sa a.</p>
Nivo 2: Jenerik:	<p>Ou peye \$0. Ou peye \$0 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se \$20.</p>	<p>Ou peye \$0 pou yon pwovizyon pou yon mwa nan yon famasi detayan. Ou peye 0% pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se \$20. Ou peye 25% jiska \$20 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon ou kòmande pa lapòs nan nivo sa a.</p>
Nivo 3: Mak Prefere:	<p>Ou peye \$47. Ou peye \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se \$47.</p>	<p>Ou peye 25% pou yon pwovizyon pou yon mwa nan yon famasi detayan. Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se 25%. Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon ou kòmande pa lapòs nan nivo sa a.</p>

	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
Nivo 4: Medikaman ki Pa Prefere:	Ou peye 25% sou pri total la. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se 25% .	Ou peye 25% sou pri total pou yon pwovizyon pou yon mwa nan yon famasi detayan. Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se 25% . Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon ou kòmande pa lapòs nan nivo sa a.
Nivo 5: Nivo Espesyalize:	Ou peye 25% sou pri total la. Ou peye \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se 25% .	Ou peye 33% nan pri total pou yon pwovizyon chak mwa nan yon famasi detayan. Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon sou kòmann pa lapòs pou yon mwa se 33% . Ou peye 25% jiska \$35 pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon ou kòmande pa lapòs nan nivo sa a.

Chanjman nan Avantaj VBID Part D ou a

Eliminasyon pataj depans pou tout medikaman Medicare Part D anba avantaj \$0 kòm kopeman pou medikaman sou preskripsyon **pa** kouvri ankò.

Chanjman nan Etap Kouvèti Katastwofik la

Si ou rive nan Etap Kouvèti Katastwofik la, ou pa peye anyen pou medikaman Part D ou yo ki kouvri yo ak pou medikaman eskli ki kouvri anba avantaj siplemantè nou an.

Pou jwenn enfòmasyon espesifik sou pri ou yo nan Etap Kouvèti Katastwofik la, gade Chapit 6, Seksyon 6, nan Prèv sou Kouvèti w la.

SEKSYON 2**Chanjman Administratif**

Deskripsyon	2025 (ane sa a)	2026 (ane pwochèn)
Plan Medicare pou Peman Preskripsiyon	Plan Peman Medikaman sou Preskripsiyon Medicare a se yon opsyon peman yo prezante ane sa a e ki ka ede w jere depans ou fè a lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman ki kouvr pa plan nou an lè w repati yo sou yon ane kalandriye (Janvye-Desanm). Ou ka ap patisipe nan opsyon peman sa a.	Si w ap patisipe nan Plan Medicare pou Peman Preskripsiyon an epi rete nan menm plan Part D an, patisipasyon ou pral renouvle otomatikman pou 2026. Pou aprann plis bagay sou opsyon peman sa a, rele nou nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) oswa vizite http://www.Medicare.gov.

SEKSYON 3**Kijan pou Chanje Plan**

Pou rete nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP), ou pa bezwen fè anyen. Sof si ou enskri pou yon lòt plan oswa ou chanje pou Original Medicare anvan 7 desanm, y ap enskri w otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP) nou an.

Si ou vle chanje plan pou ane 2026 la, swiv etap sa yo:

- **Pou chanje pou yon plan sante Medicare ki diferan**, enskri nan nouvo plan an. Yo pral dezabòne w otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).
- **Pou chanje pou ale nan Original Medicare avèk kouvèti medikaman Medicare**, enskri nan nouvo plan medikaman an. Yo pral dezabòne w otomatikman nan CareNeeds Platinum (HMO D-SNP).
- **Pou chanje pou Original Medicare san yon plan medikaman sou preskripsiyon**, ou ka voye yon demann alekri pou dezabòne. Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (utilizatè TTY yo dwe rele 711) pou plis enfòmasyon sou kijan pou fè sa. Oswa rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande pou dezabòne. Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048. Si ou pa enskri nan yon plan medikaman Medicare, ou ka oblige peye yon penalite pou enskripsiyon an reta nan Part D (gade seksyon 4).
- **Pou aprann plis sou Original Medicare la ak sou diferan kalite plan Medicare yo**, vizite www.Medicare.gov, li manyèl Medicare & You 2026 la, rele Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta a (gade Seksyon 5), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Seksyon 3.1 Dat Limit pou Chanje Plan

Moun ki gen Medicare ka fè chanjman nan kouvèti yo soti **15 oktòb rive 7 desanm** chak ane.

Si ou enskri nan yon plan Medicare Advantage pou 1ye janvye 2026, epi ou pa renmen chwa plan w lan, ou ka chanje pou yon lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman) oswa chanje pou Original Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman separe) ant 1ye janvye ak 31 mas 2026.

Seksyon 3.2 Èske gen lòt moman nan ane a pou fè yon chanjman?

Nan kèk sitiyasyon, moun ka gen lòt opòtinite pou chanje kouvèti yo pandan ane a. Egzanp yo enkli moun ki:

- Gen Medicaid
- Resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) pou peye medikaman yo
- Genyen oswa ki pral kite kouvèti anplwayè a
- Demenaje kite zòn sèvis plan nou an

Paske w gen Florida Medicaid, ou ka kanpe abònman w nan plan nou an lè w chwazi youn nan opsyon Medicare sa yo nan nenpòt mwa nan ane a:

- Original Medicare avèk yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon separe,
- Original Medicare san yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon separe (Si ou chwazi opsyon sa a, Medicare ka enskri w nan yon plan pou medikaman, sof si ou te refize enskripsyon otomatik la.), oswa
- Si w elijib, yon D-SNP entegre ki ba w Medicare ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Si w te fèk pran lojman oswa w ap viv aktyèlman nan yon enstitisyon (tankou yon etablisman swen enfimye espesyalize oswa yon lopital swen alontèm), ou ka chanje kouvèti Medicare ou a **nenpòt kilè**. Ou ka chanje pou nenpòt lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman) oswa chanje pou Original Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman separe) nenpòt kilè. Si ou te fèk soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje pou Original Medicare pandan 2 mwa konplè apre mwa ou kite a.

SEKSYON 4 Jwenn Èd pou Peye pou Medikaman sou Preskripsiyo

Ou ka kalifye pou èd pou peye pou medikaman sou preskripsiyo yo. Gen diferan kalite èd disponib:

- **"Èd Siplemantè" (Extra Help) nan men Medicare.** Moun ki gen revni limite ka kalifye pou Èd Siplemantè (Extra Help) pou peye pri pou medikaman sou preskripsiyo yo, Si w kalifye, Medicare ka peye jiska 75% oswa plis de pri medikaman ou yo, ki gen ladan prim plan medikaman mansyèl, franchiz anyèl ak ko-asirans. Epitou, moun ki kalifye yo p ap peye okenn penalite pou enskripsiyo anreta. Pou konnen si ou kalifye, rele:
 - 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.
 - Biwo Sekrite Sosyal la nan 1-800-772-1213 ant 8 am ak 7 pm, lendi jiska vandredi pou pale ak yon reprezantan. Mesaj otomatik yo disponib 24 èdtan pa jou. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-800-325-0778.
 - Biwo Medicaid Eta w la.

- Asistans pou pataj frè pou Preskripsiyan pou moun ki gen HIV/AIDS.** Pwogram Asistans pou Medikaman pou AIDS a (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) ede asire ke moun ki elijib pou ADAP yo k ap viv ak HIV/AIDS gen aksè ak medikaman HIV pou sove lavi yo. Pou w elijib pou ADAP k ap fonksyone nan eta w la, ou dwe satisfè sèten kritè, ki gen ladan prèv rezidans nan eta a ak estati HIV, revni fèb selon jan eta a defini sa, ak estati kòm moun ki pa asire oswa ki pa asire ase. Medikaman nan Medicare Part D ke ADAP kouvri tou kalifye pou èd pataj frè pou preskripsiyan atravè pwogram ADAP la. Pou enfòmasyon sou kritè elijibilite yo, medikaman ki kouvri yo, kijan pou w enskri nan pwogram nan oswa si w enskri aktyèlman kijan pou kontinye resevwa asistans, rele pwogram ADAP la (non ak nimewo telefòn òganizasyon sa a endike nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a). Asire w ke lè w rele, ou fè yo konnen non plan Medicare Part D w la oswa nimewo polis asirans lan.
- Plan Medicare pou Peman Preskripsiyan an.** Plan Peman Medicare pou Preskripsiyan an se yon opsyon peman ki mache ak kouvèti medikaman ou genyen kounye a pou ede ou jere depans medikaman ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou, pou medikaman ki kouvri anba plan nou an lè w repati yo sou yon ane kalandriye (Janvye-Desanm). Nenpòt moun ki gen yon plan medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare ki gen kouvèti medikaman (tankou yon plan Medicare Advantage ki gen kouvèti medikaman) ka itilize opsyon peman sa a. **Opsyon peman sa a gendwa ede w jere depans ou yo, men li pa p fè ou ekonomize lajan oswa diminye depans pou medikaman ou yo.**

Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare ak èd nan men ADAP ou a, pou moun ki kalifye yo, bay plis benefis pase patisipasyon nan Plan Medicare pou Peman Preskripsiyan an. Tout manm yo elijib pou patisipe nan Plan Peman Medicare pou Preskripsiyan an, kèlkeswa nivo revni yo. Pou aprann plis bagay sou opsyon peman sa a, tanpri rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo rele 711) oswa vizite Medicare.gov.

SEKSYON 5 Ou gen Kesyon?

Jwenn Èd nan men CareNeeds Platinum (HMO D-SNP)

Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907. (Itilizatè TTY, rele 711.)

Nou disponib pou resevwa apèl telefonik soti 8 a.m. rive 8 p.m. Ou ka rele nou sèt jou sou sèt. Tanpri sonje ke sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan [CarePlusHealthPlans.com](#). Apèl nan nimewo sa yo gratis.

Li Prèv sou Kouvèti 2026 ou a

Avi Anyèl sou Chanjman sa a ba ou yon rezime sou chanjman ki fèt nan avantaj ak pri ou yo pou ane 2026 lan. Pou plis detay, ale nan Prèv sou Kouvèti ane 2026 la pou CareNeeds Platinum (HMO D-SNP). Prèv sou Kouvèti a se yon deskripsiyan legal detaye sou avantaj plan ou yo. Li eksplike dwa ou genyen yo ak règ ou dwe swiv pou jwenn sèvis ki kouvri yo ak medikaman sou preskripsiyan. Telechaje Prèv sou Kouvèti a sou sitwèb nou an nan [CarePlusHealthPlans.com/Plans](#) oswa rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo rele 711) pou mande nou voye yon kopi ba ou pa lapòs.

Vizite [CarePlusHealthPlans.com/Plans](#)

Sitwèb nou an gen enfòmasyon ki pi ajou sou rezo pwofesyonèl swen sante nou an (Anyè Pwofesyonèl Swen Sante) ak *Lis Medikaman nou Kouvri (Fòmilè/Gid Medikaman)* yo.

Jwenn Konsèy Gratis sou Medicare

Pwogram Asistans Asirans Sante Eta a (SHIP) se yon pwogram gouvènmantal endependan ki gen konseye kalifye nan chak eta.

Rele SHIP nan eta w la pou jwenn konsèy pèsonalize gratis sou asirans sante. Yo ka ede w konprann chwa plan Medicare ak Medicaid ou yo epi reponn kesyon sou chanjman plan. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou SHIP nan eta w la nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Jwenn Èd nan men Medicare

- **Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**

Ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, epi 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

- **Kominike atravè tchat an dirèk avèk www.Medicare.gov**

Ou ka kominike atravè tchat an dirèk nan www.Medicare.gov/talk-to-someone.

- **Ekri Medicare**

Ou ka ekri Medicare nan PO Box 1270, Lawrence, KS 66044

- **Vizite www.Medicare.gov**

Sitwèb ofisyèl Medicare la gen enfòmasyon sou pri, kouvèti, ak bon jan kalite Notasyon baze sou sistèm Zetwal pou ede w konpare plan sante Medicare nan zòn ou an.

- **Li Medicare ak Ou (Medicare & You)2026**

Yo voye manyèl Medicare & You 2026 la chak otòn bay moun ki gen Medicare yo. Li gen yon rezime sou avantaj, dwa ak pwoteksyon Medicare yo, ak repons pou kesyon yo poze souvan sou Medicare. Telechaje yon kopi nan www.Medicare.gov oswa lè ou rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Jwenn Èd nan men Medicaid

Rele Florida Medicaid nan nimewo ki nan "Anèks A" nan do dokiman sa a pou jwenn asistans ak enskripsyon Medicaid oswa kesyon ki gen rapò ak avantaj yo.

Anèks A - Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a

Seksyon sa a bay enfòmasyon pou kontakte ajans eta yo ki mansyone nan Avi Anyèl sou Chanjman sa a. Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon w ap chèche a, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan nimewo telefòn ki nan do ti liv sa a.

FLORIDA	
Non ak Enfòmasyon Kontak SHIP	Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000 800-963-5337 (apèl gratis) 800-955-8770 (TTY) 850-414-2150 (faks) 800-963-5337 http://www.floridaSHINE.org
Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite	Acentra Health 5201 W. Kennedy Blvd. Suite 900 Tampa, FL 33609 888-317-0751 711 (TTY) 844-878-7921 (Faks) www.acentraqjo.com
Biwo Medicaid Eta a	Florida Medicaid 2727 Mahan Drive Tallahassee, FL 32308-5407 888-419-3456 (apèl gratis) 850-412-4000 (lokal) 850-922-2993 (faks) 800-955-8771 (TTY) https://ahca.myflorida.com
Pwogram Asistans pou Medikaman pou AIDS	Florida AIDS Drug Assistance Program (ADAP) HIV/AIDS Section 4052 Bald Cypress Way Tallahassee, FL 32399 850-245-4422 1-800-545-7432 (1-800-545-SIDA) (Panyòl) 1-800-2437-101 (1-800-AIDS-101) (Kreyòl) 888-503-7118 (TTY) http://www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/aids/adap/index.html

Insurance ACE

Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive

AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L AVEK ANPIL ATANSYON.

Konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon sou sante w yo enpòtan. Ou pa bezwen fè anyen sof si ou gen yon demann oswa yon plent.

Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive sa a aplike pou tout antite ki fè Part Insurance ACE, yon Antite Afilye ki Kouvri anba HIPAA. ACE la se yon gwoup antite endividylek ki kouvri anba lalwa ki afilye epi ki deziyen tèt yo kòm yon sèl antite ki kouvri nan objektif HIPAA. Gen yon lis konplè manm ACE yo ki disponib nan <https://huma.na/insuranceace>.

Nou ka chanje pratik konfidansyalite vi prive nou yo ak kondisyon ki nan avi sa a nenpòt kilè, jan lalwa otorize nou fè sa, sa gen ladan enfòmasyon nou te kreye oswa resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Lè nou fè yon gwo chanjman nan pratik konfidansyalite vi prive nou yo, nou pral chanje avi sa a epi n ap voye avi a bay moun ki abone nan plan sante nou an.

Kisa enfòmasyon pèsonèl oswa enfòmasyon sou sante ki pa publik ye?

Enfòmasyon pèsonèl oswa enfòmasyon sante ki pa publik gen ladan enfòmasyon medikal ak enfòmasyon pèsonèl, tankou non, adrès, nimewo telefòn, nimewo Sekirite Sosyal, nimewo kont, enfòmasyon sou peman, oswa enfòmasyon demografik ou yo. Mo "enfòmasyon" an nan avi sa a enkli nenpòt enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon sante ki pa publik. Sa gen ladan enfòmasyon yon pwofesyonèl swen sante oswa yon plan sante kreye oswa resevwa. Enfòmasyon yo gen rapò avèk sante oswa pwoblèm sante fizik oswa sante mantal, swen sante ou jwenn oswa peman ki fèt pou swen sante sa yo.

Kijan nou kolekte enfòmasyon sou ou?

Nou kolekte enfòmasyon sou ou yo ak sou fanmi w lè w ranpli aplikasyon ak fòm yo. Nou kolekte enfòmasyon yo tou nan kad relasyon w avèk nou, avèk afilye nou yo oswa lòt moun. Pa egzanp, nou gendwa resevwa enfòmasyon sou ou ki soti nan men patisipan nan sistèm swen sante an, tankou doktè ou oswa lopital, epi nan men anplwayè w oswa administratè plan yo, biwo kredi ak Biwo Enfòmasyon Medikal la (Medical Information Bureau).

Ki enfòmasyon nou resevwa sou ou?

Enfòmasyon nou resevwa yo gendwa gen ladan eleman tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal, istorik peman prim ou yo ak aktivite ou sou sitwèb nou an. Sa gen ladan tou enfòmasyon ki konsène plan avantaj medikal ou, avantaj sante w yo, ak evalyasyon risk sante yo.

Kijan nou pwoteje enfòmasyon ou yo?

Se responsabilite nou pou n pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo nan tout fòma tankou fòma enfòmasyon elektwonik ak enfòmasyon oral. Nou gen mezi pwoteksyon administratif, teknik ak fizik ki anplas pou pwoteje enfòmasyon ou yo nan divès fason tankou:

- Limite kilès ki ka wè enfòmasyon w yo
- Limite fason nou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo
- Enfòme w sou responsabilite legal nou yo konsènan enfòmasyon w yo
- Bay anplwaye nou yo fòmasyon sou pwogram ak pwosedi konfidansyalite vi prive yo

Kijan nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo?

Nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo:

- Bay oumenm oswa yon moun ki gen dwa legal pou l aji nan non w
- Bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal

Se dwa nou pou n itilize ak divilge enfòmasyon w yo:

- Ba yon doktè, yon lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante pou w kapab resevwa swen medikal.
- Pou aktivite peman, tankou reklamasyon peman pou sèvis ki garanti ke pwofesyonèl swen sante yo ba ou ak pou peman prim plan sante.
- Pou aktivite jesyon swen sante, tankou tretman enskripsyon ou, reponn a demann ou yo, kowòdone swen ou, amelyore kalite, ak detèmine prim yo.
- Pou fè aktivite souskripsyon. Sepandan, nou p ap itilize okenn rezulta tès jenétik oswa poze kesyon konsènan istorik familyal.
- Bay esponnsò plan w lan pou pèmèt yo fè, planifye fonksyon administrasyon tankou aktivite elijbilité, enskripsyon, ak anilasyon enskripsyon. Nou kapab pataje rezime enfòmasyon sou sante w ak esponnsò plan w lan nan sèten sitiyasyon. Pa egzanp, pou pèmèt esponnsò plan w lan jwenn òf nan men lòt plan sante. Nou p ap pataje enfòmasyon detaye sou sante w ak esponnsò plan w lan. Nou pral mande w pèmisyon ou, oswa esponnsò plan w lan dwe sètifye yo dakò respekte konfidansyalite enfòmasyon ou yo.
- Pou kontakte ou avèk enfòmasyon konsènan avantaj ak sèvis ki asosye ak sante, rapèl pou randevou, oswa lòt chwa tretman ki kapab enterese ou. Si w te refize, nou p ap kontakte w.
- Ba fanmi ou ak zanmi ou si ou pa disponib pou kominke, tankou nan yon ijans.
- Pou fanmi w ak zanmi w, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye. Sa aplike si enfòmasyon yo dirékteman gen rapò ak patisipasyon yo nan swen sante ou oswa ak peman pou swen sa a. Pa egzanp, si yon moun nan fanmi an oswa yon moun k ap bay swen rele nou pandan yo te konnen gen yon reklamasyon ki fèt, nou kapab konfime si nou te resevwa ak peye reklamasyon an
- Pou bay enfòmasyon sou peman bay abòne a pou jistifikasyon Sèvis Revni Entèn.
- Ba ajans sante piblik yo, si nou kwè genyen yon menas grav pou sante oswa sekirite.
- Ba otorite awopriye lè genyen pwoblèm konsènan abi, neglijans, oswa vyalans nan kay.
- Pou satisfè yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, asiyasyon pou konparèt, demann komunikasyon pyès, oswa lòt pwosesis legal.
- Pou ranfòsman aplikasyon lalwa, bay otorite militè ak lè lalwa egzije sa.
- Pou ede nan efò pou asistans nan ka katastwòf.
- Pou pwogram konfòmite ak aktivite sipèvizon sante.
- Pou ranpli obligasyon nou yo dapre nenpòt lwa oswa kontra konpansasyon travayè.
- Pou anpeche yon menas grav ak imedyat pou sante ou oswa sekirite ou oswa sante oswa sekirite lòt moun.
- Pou rezon rechèch nan sikostans limite epi depi yo te pran mezi awopriye pou pwoteje vi prive ou.
- Pou jwenn, estoke oswa transplante ògàn, zye oswa tisi.
- Ba yon medsen lejis, egzaminatè medikal oswa direkòtè ponp finèb.

Restriksyon adisyonèl sou itilizasyon ak divilgasyon pou kalite enfòmasyon espesifik:

- Gen kèk lwa federal ak lwa eta ki ka mete restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon sèten enfòmasyon sante sansib tankou: Twoub Abi Sibstans; Enfòmasyon Byometrik; Abi oswa Neglijans Timoun oswa Grammoun, sa gen ladan l, Agresyon Seksyèl; Maladi Kontajye; Enfòmasyon Jenetik; HIV/AIDS; Sante Mantal; Sante Repwodiktif; ak Maladi ki Transmisib Seksyèlman.
- Enfòmasyon sou Sante Repwodiktif: Nou p ap itilize oswa divilge okenn enfòmasyon nan bi pou nou mennen yon ankèt pou idantifye (oswa pou eseye enpoze responsablité sou) okenn moun pou aksyon chèche, jwenn, bay, oswa fasilité aksè a swen sante repwodiktif legal. An repons a yon demann enfòmasyon ki soti nan yon ajans gouvènman (oswa yon lòt moun) ki ta ka gen rapò ak swen sante repwodiktif, moun k ap fè demann lan dwe bay yon atestasyon siyen ki montre ke objektif demann lan pa vyole entèdiksyon sou divilgasyon enfòmasyon sou swen sante repwodiktif.

Èske n ap itilize enfòmasyon ou yo pou rezon ki pa dekri nan avi sa a?

Nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon w yo pou okenn rezon ki pa dekri nan avi sa a, san pèmisyon w alekri. Ou ka anile pèmisyon ou nenpòt kilè depi ou fè nou konnen sa alekri.

Itilizasyon ak divilgasyon sa yo pral egzije otorizasyon alekri ou:

- Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo
- Objektif maketing
- Lavant enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon sante

Kisa nou fè avèk enfòmasyon ou yo lè ou pa yon manm ankò?

Nou gendwa kontinye sèvi avèk enfòmasyon ou yo pou rezon ki bay nan avi sa a. Sa a gen ladan lè ou pa jwenn kouvèti asirans nan men nou. Apre peryòd konsèvason legal ki obligatwa a, nou detwi enfòmasyon yo dapre pwosedi serye pou konsève konfidansyalite.

Ki dwa mwen genyen konsènan enfòmasyon mwen yo?

Nou pran angajman pou reponn demann dwa ou nan yon san pèdi tan

- Aksè - Se dwa w pou w revize ak jwenn yon kopi enfòmasyon w yo ke nou gendwa itilize pou n pran desizyon ki konsène w. Ou kapab resevwa tou yon rezime sou enfòmasyon sante sa yo. Jan lwa ki aplikab la egzije sa, nou pral mete enfòmasyon pèsonèl sa yo disponib pou ou oswa pou reprezantan ou deziyen an.
- Desizyon Souskripsyon Defavorab - Si nou refize aplikasyon pou asirans ou an, se dwa w pou yo ba w yon rezon pou refi a.
- Kominikasyon Altènatif - Pou evite yon sitiyasyon ki menase lavi, se dwa w pou resevwa enfòmasyon ou yo nan yon fason altènatif oswa nan yon lòt kote. N ap akomode demann ou si li rezonab.
- Amannman - Se dwa w pou mande koreksyon nenpòt enfòmasyon pèsonèl sa yo atravè yon amannman oswa eliminasyon. Nan lespas 60 jou ouvrab apre nou fin resevwa demann alekri w la, n ap enfòme w sou amannman nou an oswa eliminasyon enfòmasyon ou konteste a, oswa sou refi nou pou nou fè koreksyon sa a apre plis envestigasyon.
- Si nou refize amande oswa efase enfòmasyon w ap konteste a, se dwa w pou soumèt nou yon deklarasyon alekri ki bay rezon ki fè ou pa dakò ak evalyasyon nou sou enfòmasyon w ap konteste a epi kisa ou konsidere kòm enfòmasyon ki kòrèk la. N ap rann deklarasyon sa a disponib pou tout Part k ap revize enfòmasyon ou konteste a.*
- Divilgasyon - Se dwa w pou resevwa yon lis ka kote nou menm oswa asosye biznis nou yo te divilge enfòmasyon ou yo. Sa pa aplike pou tretman, peman, fonksyonman plan sante ak sèten lòt aktivite. Nou konsève enfòmasyon sa yo, epi nou mete yo disponib pou ou pandan sis lane. Si w fè yon demann pou lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou kapab fè ou peye yon frè rezonab, ki kalkile selon depans yo.
- Avi - Se dwa w pou fè yon demann ak resevwa yon kopi alekri avi sa a nenpòt kilè.
- Restriksyon - Se dwa w pou mande pou limite fason yo itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo. Nou pa gen obligasyon pou nou dakò ak limit la, men si nou dakò, n ap respekte akò nou a. Se dwa w tou pou dakò oswa mete fen nan yon limitasyon ki te deja soumèt.

Si mwen panse ke yo te vyole konfidansyalite vi prive mwen, kisa mwen ta dwe fè?

Si ou kwè yo te vyole konfidansyalite w, ou ka soumèt yon plent ba nou lè ou rele nou nan 866-861-2762 nenpòt kilè.

Ou ka soumèt yon plent alekri tou bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR). N ap ba ou adrès rejyonal apwopriye OCR la sou demann. Ou ka voye plent ou a tou nan imèl bay **OCRComplaint@hhs.gov**. Si w chwazi pou depoze yon plent, avantaj ou yo p ap afekte epi nou p ap pini ou oswa pran revanch sou ou nan okenn fason.

Nou sipòte dwa ou pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ou ak enfòmasyon sou sante ou.

Responsabilite Nou

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante ou ki pwoteje yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki ka te konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe respekte obligasyon ak pratik sou konfidansyalite vi prive yo ki dekri nan avi sa a e nou dwe ba ou yon kopi.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w yo si se pa jan yo dekri la a sof si ou di nou alekri ke nou ka fè sa. Si ou di nou kapab, ou kapab chanje lide nenpòt kilè. Fè nou konnen alekri si w chanje lide.

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

Kijan pou mwen egzèse dwa mwen yo oswa kijan pou mwen jwenn yon kopi avi sa a?

Ou kapab egzèse tout dwa konfidansyalite ou yo, pou fè sa chèche jwenn fòm ki aplikab yo. Ou kapab jwenn nenpòt fòm yo depi ou:

- Kontakte nou nan 866-861-2762
- Ale sou sitwèb nou nan **CarePlusHealthPlans.com/Privacy** epi klike sou lyen Pratik sou Konfidansyalite Vi Prive (Privacy Practices) la
- Voye fòm demann ou ranpli a nan:

Humana Inc.
Privacy Office 003/10911
101 E. Main Street
Louisville, KY 40202

* Dwa sa a aplike sèlman pou moun nou yo k ap viv nan Massachusetts pou konfòme avèk règleman eta yo.

Avi sou Non-Diskriminasyon

CarePlus Health Plans, Inc. respekte lwa Federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi yo pa fè diskriminasyon oswa ekskli moun akoz ras, koulè, reliyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, oriijn nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang yo pale, eta sante oswa bezwen pou sèvis sante. CarePlus Health Plans, Inc.:

- Ofri moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ak èd ak sèvis oksilyè apwopriye gratis pou kominike avèk nou yon fason efikas, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, oswa lòt fòma)
- Ofri sèvis asistans lang gratis pou moun ke Angle se pa lang prensipal yo, ki ka enkli:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lang, kontakte **800-794-5907 (TTY: 711)**. Si w kwè ke CarePlus Health Plans, Inc. pa t bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon akoz ras, koulè po, reliyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, oriijn nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang ou pale, eta sante, oswa bezwen pou sèvis sante, ou ka depoze yon doleyans an pèsòn oswa pa lapòs oswa pa imèl bay Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **800-794-5907 (TTY: 711)**, oswa **Accessibility1@CarePlus-HP.com**. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. kapab ede w.

Ou kapab depoze yon plent tou nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, elektwonikman atravè Pòtay pou Plent Biwo pou Dwa Sivil, ki disponib sou <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

- U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**.



Notice of Availability - Auxiliary Aids and Services Notice

English: Free language, auxiliary aid, and alternate format services are available. Call **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

العربية [Arabic]: تتوفر خدمات اللغة والمساعدة الإضافية والتنسيق البديل مجاناً. اتصل على الرقم **1-800-794-5907 (الهاتف النصي: 711)**.

Հայերեն Armenian: Հասանելի են անվճար լեզվական, աջակցման և այլընտրակային ձևաչափի ծառայություններ: Չափահարեք՝ **1-800-794-5907 (TTY: 711)**:

বাংলা Bengali: বিনামূলে ভাষা, আনুষঙ্গিক সহায়তা, এবং বিকল্প বিন্যসে পরিষেবা উপলব্ধ। ফোন করুন **1-800-794-5907 (TTY: 711)** নম্বরে।

简体中文 Simplified Chinese: 我们可提供免费的语言、辅助设备以及其他格式版本服务。请致电 **1-800-794-5907 (听障专线: 711)**。

繁體中文 Traditional Chinese: 我們可提供免費的語言、輔助設備以及其他格式版本服務。請致電 **1-800-794-5907 (聽障專線: 711)**。

Kreyòl Ayisyen Haitian Creole: Lang gratis, èd oksilyè, ak lòt fòma sèvis disponib. Rele **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Hrvatski Croatian: Dostupni su besplatni jezik, dodatna pomoć i usluge alternativnog formata. Nazovite **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

فارسی Farsi: خدمات زبان رایگان، کمک های اضافی و فرمت های جایگزین در دسترس است. با **1-800-794-5907 (TTY: 711)** تماس بگیرید.

Français French : Des services gratuits linguistiques, d'aide auxiliaire et de mise au format sont disponibles. Appeler le **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Deutsch German: Es stehen kostenlose unterstützende Hilfs- und Sprachdienste sowie alternative Dokumentformate zur Verfügung. Telefon: **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Ελληνικά Greek: Διατίθενται δωρεάν γλωσσικές υπηρεσίες, βοηθήματα και υπηρεσίες σε εναλλακτικές προσβάσιμες μορφές. Καλέστε στο **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

ગુજરાતી Gujarati: નિઃશુલ્ક ભાષા, સહાયક સહાય અને વૈકલ્પિક ફોર્મેટ સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** પર કોલ કરો.

עברית Hebrew: שירותים אלה זמינים ב chinim: שירות תרגום, אביזרי עזר וטקסטים בפורמטים חלופיים. **1-800-794-5907 (TTY: 711)**

Hmoob Hmong: Muaj kev pab txhais lus, pab kom hnov suab, thiab lwm tus qauv pab cuam.
Hu **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Italiano Italian: Sono disponibili servizi gratuiti di supporto linguistico, assistenza ausiliaria e formati alternativi. Chiama il numero **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

This notice is available at CarePlusHealthPlans.com/MLI.

GHHNOA2025CP

日本語 Japanese: 言語支援サービス、補助支援サービス、代替形式サービスを無料でご利用いただけます。1-800-794-5907 (TTY: 711) までお電話ください。

ភាសាខ្មែរ Khmer: សេវាកម្មផ្លូវការភាសា ដំឡើយ និង សេវាកម្មជាណម្ពជាចំណែកសាធារកបាន។ ទូរសព្ទទៅលេខ 1-800-794-5907 (TTY: 711)។

한국어 Korean: 무료 언어, 보조 지원 및 대체 형식 서비스를 이용하실 수 있습니다.

1-800-794-5907 (TTY: 711) 번으로 문의하십시오.

Diné: Saad t'áá jiik'eh, t'áadoole'é binahji' bee adahoodooneígíí diné bich'j' anídahazt'i'í, dóó ahgo át'éego bee hada'dilyaaígíí bee bika'aanída' awo'í dahóló. Kohji' hodíilnih **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Polski Polish: Dostępne są bezpłatne usługi językowe, pomocnicze i alternatywne formaty. Zadzwoń pod numer **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Português Portuguese: Estão disponíveis serviços gratuitos de ajuda linguística auxiliar e outros formatos alternativos. Ligue **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

ਪੰਜਾਬੀ Punjabi: ਮੁੜਤ ਭਾਸ਼ਾ, ਸਹਾਇਕ ਸਹਾਇਤਾ, ਅਤੇ ਵਿਕਲਪਿਕ ਫਾਰਮੈਟ ਸੇਵਾਵਾਂ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। **1-800-794-5907 (TTY: 711)** 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

Русский Russian: Предоставляются бесплатные услуги языковой поддержки, вспомогательные средства и материалы в альтернативных форматах. Звоните по номеру **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Español Spanish: Los servicios gratuitos de asistencia lingüística, ayuda auxiliar y servicios en otro formato están disponibles. Llame al **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Tagalog Tagalog: Magagamit ang mga libreng serbisyon pangwika, serbisyo o device na pantulong, at kapalit na format. Tumawag sa **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

தமிழ் Tamil: இலவச மொழி, துணை உதவி மற்றும் மாற்று வடிவ சேவைகள் உள்ளன. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** ஜி அழைக்கவும்.

తెలుగు Telugu: ఉచిత భాష, సహాయక మర్దతు, మరియు ప్రత్యామ్నాయ ఫార్మాట్ సేవలు అందుబాటులో గలవు. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** కి కాలీ చేయండి.

اردو Urdu: مفت زبان، معاون امداد، اور متبادل فارمیٹ کی خدمات دستیاب ہیں۔ کال **1-800-794-5907 (TTY: 711)** 1-800-794-5907 (TTY: 711) کی دستیابی میں۔

Tiếng Việt Vietnamese: Có sẵn các dịch vụ miễn phí về ngôn ngữ, hỗ trợ bổ sung và định dạng thay thế. Hãy gọi **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.


Not

CarePlus Health Plans, Inc.
P.O. Box 14168
Lexington, KY 40512-4168



H1019023000ANOCCR26

Enfòmasyon enpòtan sou chanjman nan Medicare Advantage ak plan medikaman sou preskripsyon



Gade anndan an

Men yon rezime sou sa ki diferan
nan **plan CarePlus** ou a
k ap antre an vigè 1ye janvye 2026.

Ou gen Kesyon?

Rele Sèvis Manm yo nan
800-794-5907. (TTY: 711).

CarePlus
HEALTH PLANS™

CarePlusHealthPlans.com